Mangwanani vana
Herinori basa resu rezuva ranhasi.
Tichatanga nerurimi rwaamai

Chitatu 20 Ndira 2021

KUKOSHA KWEDZIDZO

TIRIKUDZIDZA : (i) Kupindura mibvunzo
(ii) Kunyora nyaya napapfupi

Usati waverenga nyaya inotevera, pindura mibvunzo iyi pamusoro pedzidzo:

Chii chinonzi dzidzo?
Dzidzo inowanikwa kupi?
Ndezvipi zvakanakira dzidzo?
Ndeapi mabasa akanakira dzidzo? [09:25, 1/20/2021] Prince Banda:
Nzwisiso : Kukosha kwedzidzo

Verenga ndima iyi uchidana manzwi nemazvo

"Iwe Mukai! Mukai! Muka uende kuchikoro! Chikoro chiri kutanga nhasi, zororo rapera Mukai. " Ava ndiamai vaMukai vaChikamhi vakanga vachimutsa mwana wavo Mukai.

Mukai akati warawashu pamubhedha ndokutanga kuzamura achishama n'ai akafinyamisa kumeso. Ainge ava kugozherwa nekumuka sezvo ainge apedza mwedzi waZvita wese akazorora achimuka nguva dzaaida.

"Amai regai ndimbopedzisa hope dzangu, musoro wangu uri kutema.
"NdiMukai uyo akanga azeza kumuka pamubhedha kuti anogeza aende kuchikoro.

VaChikamhi vakaudza Mukai kuti usimbe hahuna chidyiwa. Vakamuti aifanira kuti anoshanda nesimba sezvo ainge ave kuenda murugwaro rwechitanhatu. Gore raizotevera ndiro raaizopedza zvidzidzo zvake zvepuraimari. VaChikamhi vakaudza Mukai kuti dzidzo wainge uri musimboti wehupenyu. Vakamuti mudzidzo ndimo munobva ruzivo rwezvidzidzo zvemasvomhu, ChiShona, ChiRungu, sainzi, makombiyuta, mitambo, tsika nezvimwe. Vakamuudza kuti mudzidzo ndimo mune mabasa ose ane mari akaita sema dhokotera, vatyairi vendege, magweta nemamwe. Vakatizve mudzidzo ndimo munoita kuti vanhu vagone kugadzirisa matambudziko. Vakakurudzira mukai kuti aende kuchikoro agono shingirira pazvidzidzo kuti ramangwana rake rigova rakajeka
.

" Pasina dzidzo upenyu hwunovava semhiripiri. " Vakadaro VaChikamhi. Vakaenderera mberi vachiti kusaenda kuchikoro kunouyisa urombo . " Unopedzisira wave kuti jira rako moto mutsago idanda. Mbavha, matsotsi nepfambi vamwe vavo vakashaiwa dzidzo vakaona sezvakanaka zvavanoita izvi. "

Mukai akaseka zvake akabva afungisisa manzwi aamai vake. Zvechokwadi dzidzo musimboti wehupenyu. Mupfungwa dzake Mukai akaona atove nebasa repamusoro ave kutyaira ndege. Akabva aburuka pamubhedha ndokuenda kunogeza.

Akazooneka amai vake oenda kuchikoro cheWhawha kuGweru. Mukai akasvikogamuchirwa ne mudzidzisi mutsva ainzi VaKurauone. VaKurauone vakabayira zanhi vana vese verugwaro rwechitanhatu vavaizodzidzisa vachiti vakanga vachifanira kushanda nesimba nekuti mazamanishoni egore rechinomwe mazhinji aizobva muzvidzidzo zverugwaro rwechitanhatu. Vose vaifanira kukasira kuuya kuchikoro voita basa rese kuti vagobudirira pazvidzidzo zvavo.

Mukai neshamwari yake Sekai vakafara zvikuru kutanga rugwaro rwechitanhatu nehurudziro inofadza kubva ku mudzidzisi wavo VaKurauone. Vana ava vakavimbisana kuti vaizoshanda nesimba gore iri.

BASA A

Pindura mibvunzo inotevera nezvirevo zvakazara

1. Mai vaMukai vainzani?
2. Mai vakamutsirei Mukai?
3. Mukai akanga ave kunodzidza rugwaro rwechingani?
4. Mukai aidzidza kupi?
5. Mudzidzisi waMukai ainzani?
6. Shamwari yaMukai ainzani?
7. Doma mabasa maviri (kubva munyaya) anoitwa nevamwe vanhu vasina kudzidza.
8. Doma mabasa maviri anoitwa nevanhu vakadzidza.
9. Nemhaka yei vana vakanzi vashande nesimba murugwaro rwechitanhatu?

10. Manzwi anotevera anorevei:
a . kubayira zanhi
b . kuti usimbe hahuna chidyiwa
c . kuti pasina dzidzo hupenyu hwunovava semhiripiri
d . kuti dzidzo musimboti wehupenyu

BASA B: Pfupiso

Nyora pfupiso ine mazwi asingapfuuri makumi matatu (30) uchitsanangura kukosha kwedzidzo kubva munyaya yawaverenga.

MATHEMATICS

Wednesday 20 January 2021

Ordering numbers

We order numbers in two ways, ascending order and descending order.

Ascending order - starting from the smallest number to the largest number

Descending order - starting from the largest number to the smallest number.

WALT : Order numbers

Arrange the following numbers in ascending order

1. 152 746 381 502 290 101 422 007
2. 300 000 700 000 500 723 325 000
3. 592 470 529 740 574 092 579 024
4. 121 211 211 121 221 111 112 212

Arrange the following in descending order

5. 100 640 100 406 100 046 100 460
6. 184 563 148 663 168 634 186 366
7. 839 674 438 697 796 834 389 674
8. ten tens one ten thousand one million one hundred thousand

Uncle Prince
January 2021
0772987368